

Office of Academics**Nicole M. Mancini, Ed.D., Chief Academic Officer**

600 Southeast Third Avenue

Fort Lauderdale, FL 33301

phone: 754-321-2618

nicole.mancini@browardschools.com<https://www.browardschools.com/domain/12424>**The School Board of
Broward County, Florida**Torey Alston, Chair
Lori Alhadef, Vice Chair

Daniel P. Foganholi

Debra Hixon

Sarah Leonardi

Ryan Reiter

Nora Rupert

Manual A. Serrano

Kevin P. Tynan

1er Novanm, 2022

Dr. Vickie L. Cartwright
Superintendent of Schools

Pou Paran/Gadyen Elèv Klas Twazyèm Ane:

Mèsi paske ou fè pati fanmi lekòl piblik, Broward County Public Schools. Lèt sa prepare pou ede-ou konprann ki kondisyon Eta Florid ekzije pou elèv klas twazyèm ane (third grade) pase pou klas katyèm ane (fourth grade). Broward County Public Schools (BCPS) pran angajman ede popilasyon elèv li epi pran an konsiderasyon divèsite popilasyon a, nan mitan yo gen gwoup elèv ki gen pwoblèm aprantisaj inik. BCPS asire elèv nou yo prepare pou reyisi nan edikasyon-yo nan chak klas epi apre.

Konfòmeman ak Rule 6A-6.053, Kòd Administratif Florid (F.A.C.), nan klas kindègadenn rive 3zyèm ane, lekòl ka idantifye elèv ki gen feblès enpòtan nan lekti si nenpòt nan kritè swivan satisfè:

- Elèv la obteni nòt ki koresponn a nivo pi ba nan akonplisman/referans, mezon edisyon idantifye nòt-yo, lè li tap fè evalyasyon inivèsèl diran yon peryòd tan, sou evalyasyon K-12 Plan lekti konpreyansif baze sou evidans, plan ke distri a apwouve, epi apati ane eskolè 2022-2023, elèv ki obteni nòt ki koresponn a nivo pi ba nan akonplisman/referans sou sistèm kowòdinasyon evalyasyon ak kontwòl pwogrè konfòmeman ak lwa seksyon s. 1008.25(8), F.S.;
- Elèv la obteni nòt ki koresponn a nivo pi ba nan akonplisman/referans, mezon edisyon idantifye nòt yo lè li tap fè tès kontwòl pwogrè a nenpòt moman diran ane eskolè a, sou evalyasyon K-12 Plan lekti konpreyansif baze sou evidans, plan ke distri a apwouve, epi apati ane eskolè 2022-2023, elèv ki obteni nòt ki koresponn a nivo pi ba nan akonplisman/referans, sou sistèm kowòdinasyon evalyasyon ak kontwòl pwogrè konfòmeman ak lwa seksyon s. 1008.25(8), F.S.; oswa
- Grasa evalyasyon fòmativ konsekitif oswa done obsèvasyon pwofesè, elèv la obteni nivo minimòm nan abilte pou lekti nan youn oswa plis domenn: konsyans fonetik; fonik, vokabilè, abilte nan langaj; fasilite lekti kouraman, ak konpreyansyon nan lekti.

Elèv ki kounyea montre yon feblès enpòtan nan lekti baze sou rezilta pèfòmans yo nan ekzamen F.A.S.T., *Benchmark Advance Unit Assessments*, oswa dapre obsèvasyon pwofesè, va resevwa enstriksyon entansif nan lekti ak anpil sipò nan lekòl la. Nou va swiv depre pwogrè elèv la; enstriksyon entansif nan lekti va kontinye jiskaske elèv la reyalize nivo abilte ak kompetans aseptab nan lekti pou klas lap fè a, swa twazyèm ane.

Konfòmeman ak lwa Florid, Section (s.) 1008.25(4)(c), Florida Statutes (F.S.), elèv idantifye ak yon feblès enpòtan nan lekti, dwe gen yon plan pou elèv, plan gouvènman federal ekzije, tankou yon plan edikasyon endividyèl (IEP), yon plan kontwòl pwogrè, endividyalize, oswa toude, si sa nesèsè.

Elèv ki kontinye gen difikilte nan lekti va gen yon plan kontwòl pwogrè [Progress Monitoring Plan (PMP)]. Lekòl la **va** notifiye alekri paran elèv sa yo, ki va resevwa enfòmasyon sa:

- Yo idantifye pitit ou kòm yon elèv ki gen feblès enpòtan nan lekti
- Yon deskripsyon sèvis pitit ou ap resevwa kounyea

Educating Today's Students to Succeed in Tomorrow's World

Broward County Public Schools is an Equal Opportunity Employer

Third Grade Parent Letter
Paj 2

- Yon deskripsyon entèvansyon ak sipò entansif ki pwopoze; lekòl va founi sèvis la. Enstriksyon an va konsantre sou pati lekti kote elèv la gen plis difikilte konsa elèv la kapab amelyore nivo lekti li, epi
- Estrateji, ki enkli estrateji miltisansyòrèl, grasa yon gid lekti pou lakay, fanmi kapab itilize pou ede pitit li amelyore abilte li nan lekti.

Selon seksyon lwa Florid [section 1008.25(5)], tout elèv k'ap fè klas twazyèm ane gen omwen kat opòtinite pou satisfè kritè pou pwomosyon (vledi pou chanje klas). Yon elèv ka chanje klas pou katriyèm ane si elèv la demontre li metrize lekti, devlope bon abilte nan lekti grasa youn nan opòtinite sa yo:

1. Ekzamen Florida's Assessment of Student Thinking (F.A.S.T.) pandan PM3– Nòt Nivo 2 oswa pi wo
2. Pòtfolyo travay ak akonplisman elèv la ki demontre elèv la metrize 3zyèm ane B.E.S.T. pou nòm ELA
3. Rezilta pèfòmans eskolè nan yon tèst evalyasyon altènatif leta apwouve (ki pa F.A.S.T.)
4. Akademi Lekti diran Lete – *Summer Reading Academy*

Selon lwa Leta Florid, elèv ki gen feblès nan lekti epi ki pa fè okenn amelyorasyon rive fen ane klas twazyèm ane, epi ki pa satisfè youn nan kritè ki esplike nan lèt sa oubyen ki pa gen yon egzansyon bon kòz (good cause), dwe refè klas la. Kritè pwomosyon (pou chanje klas) avèk bon kòz pou elèv klas twazyèm ane BCPS, idantifye nan direktiv School Board Policy 6000.1. Pou ou revwa kritè yo, vizite <https://www.browardschools.com/Page/37754>.

Diplis, tanpri note:

- Tout elèv BCPS k'ap fè klas twazyèm ane patisipe nan *Third Grade Performance-Based Portfolio* (Twazyèm ane pòtfolyo baze sou rezilta pèfòmans eskolè). Paran kapab mande, nenpòt lè, wè pòtfolyo ki gen travay ak akonplisman pitit li.
- Distri a rekonmande elèv k'ap fè klas twazyèm ane ki pa satisfè kondisyon pou pwomosyon (chanje klas) dwe patisipe nan Akademi klas lekti diran ete 2023 (*2023 Summer Reading Academy*). Nou va bay paran elèv ki idantifye, enfòmasyon sou anwolman ak enskripsyon konsènan Akademi klas lekti diran leta 2023 nan mwa Me 2023.
- Elèv ki pa pase tèst estanda Leta pou tout eta a nètale, tèst estanda nan lang angle F.A.S.T. pou ELA avèk nòt Nivo 2 oswa pi wo, epi ki pa satisfè okenn kritè pwomosyon klas twazyèm ane, va jwenn opòtinite pou pwomosyon nan mitan twazyèm ane, yap ofri opòtinite sa nan mwa Septanm 2023.

Plis enfòmasyon ak konsèy konsènan kondisyon ki ekzajib pou lekti klas twazyèm ane ak kritè pwomosyon pou klas katriyèm ane disponib sou sit entènèt: <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/third-grade-guidance.stml>

BCPS fyè kowopere ak ou nan edikasyon pitit ou epi pran angajman edike chak elèv pou li atenn pi wo potansyèl li. Si ou gen kesyon sou rezilta pèfòmans eskolè pitit ou nan lekti, oswa si ou gen kesyon osijè enfòmasyon ki nan lèt la, tanpri kontakte pwofesè pitit ou.

Mèsi pou sipò ak asistans kontini ou.



Sensèman,
Dr. Nicole Mancini
Chief Academic Officer
Broward County Public Schools